

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Kakawihan téh nya éta rakitan sabangsa dangding anu teu maké patokan pupuh, teu kanyahoan saha anu ngarangna, sarta dilagukeun ku saha waé. Boh ku kolot boh ku barudak. Kakawihan biasana dikawihkeun ku barudak bari arulin, sabab waktu luangna leuwih loba tibatan kolot.

Sabada ngadésripsikeun data hasil panalungtikan di Dusun Krajan 1 Désa Kutagandok Kecamatan Kutawaluya Kabupatén Karawang, kapaluruh aya 25 kakawihan kaulinan barudak anu jadi sampel panalungtikan. Ieu kakawihan digolongkeun jadi dua bagian, nya éta kakawihan kaulinan barudak anu jumlahna aya 13 (52%) kakawihan, jeung kakawihan barudak dina mangsa ririungan jumlahna aya 12 (48%) kakawihan.

Tina 25 kakawihan, aya 18 kakawihan anu ngandung ajén falsafah nya éta: Ayang-ayang gung, Cacaburané, Cici poci, Cingcangkeling, Cingciripit, Eundeuk-eundeukan, Jaleuleu Ja, Kalongking, Olé-Oléan (Ojok Emping), Olé-oléan (*Orélé*), Paciwit-Ciwit Lutung, Pérékét Jéngkol, Prang-Pring, Salam Sadrang, Tunggu Paré, Trang-Trang Koléntang, Uchang-Uchang Anggé, Ucing-Ucingan.

Kakawihan anu teu ngandung ajén falsafah aya 7 kakawihan, di antarana: Hom pimpah, Kacang panjang, Ngala Papatong, Ngawihan Sato Bango, Oray-orayan, Puntén Mangga, Pipo-Pipo.

Nilik kana wangunna, kakawihan barudak téh bisa dipasing-pasing jadi babaraha golongan, di antarana: a) Wangun Paparikan, contona: Hom Pimpah,

Pérékét Jéngkol. b) Kakawihan Laraswekas, contona: Trang-Trang Kolétrang. c) Kakawihan Margaluyu, contona: Ayang-Ayang Gung. d) Kakawihan Mindoan Kawit, contona: Punten Mangga.

Dumasar kana KTSP Mulok Basa jeung Sastra Sunda kurikulum 2007 Bahan Pangajaran Pupuh, Tembang jeung Kawih baris ditepikeun dijenjang *Sekolah Dasar* (SD) ditepikeun di kelas II semester 1, kelas III semester 1.

Dumasar kana pedaran di luhur bisa dicindekkeun:

- 1) wanda kakawihan kaulinan barudak anu aya di Dusun Krajan 1 Désa Kutagandok Kecamatan Kutawaluya Kabupatén Karawang dua, nya éta: kakawihan kaulinan barudak, jeung kakawihan kaulinan barudak dina mangsa ririungan;
- 2) ajén falsafah dina éta kakawihan kaulinan barudak anu aya di Dusun Krajan 1 Désa Kutagandok Kecamatan Kutawaluya Kabupatén Karawang ngarah kana ajén moral sareng ajén éstétika;
- 3) kakawihan kaulinan barudak anu aya di Dusun Krajan 1 Désa Kutagandok Kecamatan Kutawaluya Kabupatén Karawang bisa dipaké pikeun alternatif bahan pangajaran basa Sunda di sakola.

5.2 Saran

Saréngséna ngalaksanakeun panalungtikan aya sababaraha saran, kayaning:

- 1) Dina ieu panalungtikan ngan saukur dipedar 25 kakawihan kaulinan barudak, ku kituna dipiharep aya anu nalungtik kakawihan kaulinan barudak anu leuwih loba deui di Dusun Krajan 1 Désa Kutagandok Kecamatan Kutawaluya Kabupatén Karawang.
- 2) Pikeun rumaja pituin Désa Kutagandok salaku *penerus*, kudu miboga rasa kareueus jeung bisa ngajaga kabudayaan, sangkan budaya urang Sunda teu leungit ku kamekaran jaman.
- 3) Pikeun instansi atawa Dinas Pendidikan kudu sabilulungan, daék ngajarkeun ka budak atawa murid di sakola. Ku ayana muatan lokal di sakola mangrupa tarékah pikeun siswa ngamumulé kakawihan kaulinan barudak.